



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWROUP TRAVAY NAN TOUT ETA POU KONBAT
EWOYIN AK KRIZ PRESKRIPSYON OPYÒD**

***Yon efò kolaboratif gen responsabilite pou devlope yon Plan Konplè pou mete fen
nan Adiksyon Ewoyin ak adiksyon opyòd nan NYS***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman yon gwoup travay nan tout eta ki gen responsabilite pou mete fen nan kriz ewoyin ak opyòd nan New York. Gwoup la, gen ladan de gwo kowalisyon espesyalis nan swen sante, règlemantasyon sou medikaman, defans, edikasyon, ak paran ansanm avèk Nouyòkè ki nan rekiperasyon, ap chita sou efò pase eta epi itilize espesyalizasyon ak eksperyans yo pou devlope yon plan dakasyon konplè pou konbat epidemi opyòd nan eta. Manm nan gwoup travay la ap òganize sesyon rasanbleman piblik nan New York pou enfòmè sou rekòmmandasyon yo.

“Adiksyon Opyòd se yon epidemi nasyonal kap kontinye ravaje fanmi nan kominote yo toupatou nan New York – e eta te pran aksyon agresif pou takle kriz sa alabaz,”

Gouvènè Cuomo te deklare. “Gwoup Travay Ewoyin ap kondwi efò sa yo nan yon lòt nivo avèk yon plan dakasyon konpreyansif ke yon gwoup espesyalis nan divès kowalisyon te devlope. Nap itilize rekòmmandasyon gwoup travay sa pou mete sou pye solisyon ki pral pwoteje sante piblik la, amelyore sekirite nan kominote yo nan tout eta epi sove lavi Nouyòkè ki vilnerab yo.”

“Lanmò ewoyin ak opyòd nan Eta New York te rive atenn nivo abizif,” **te deklare Ko-prezidan Gwoup Travay Ewoyin, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul.** “Nan non fanmi yo toupatou nan New York ke kriz sa te devaste lavi yo, mwen onore paske mwen alatèt lit kont adiksyon an. Nou pap kite okenn wòch kanpe nan demann nou pou n jwenn fason non sèlman pou anpeche l, men tou pou kraze sik adiksyon sa ki te detwi anpil vi nan eta nou an.”

Depi 2014, Gouvènè Cuomo te mete sou pye yon seri refòm agresif pou konbat adiksyon ewoyin ak opyòd, enkli siyati lwa istorik pou konbat ewoyin; elaji pwoteksyon asirans pou tretman twoub abi sibstans; ogmante aksè ak amelyore kapasite tretman nan eta, enkli yon gwo ekspansyon nan sèvis tretman opyòd; mete sou pye nouvo sèvis elaji pou rekiperasyon ansanm avèk sa ki te la deja; epi lanse yon kanpay sansibilizasyon piblik ak prevansyon pou enfòmè Nouyòkè yo sou danje ki genyen nan itilizasyon opyòd.

Nan mwa Mas, nouvo règleman te antre anvigè ki egzije pou yo transmèt tout

preskripsyon yo elektwonikman apati preskriptè a pou rive dirèkteman nan famasi a. Aksyon sa fè pati nan lwa konplè New York I-STOP, ki te premye sou pye nan 2012, ki fèt pou redwi nan abi medikaman preskripsyon nan eta.

Grasa I-STOP, New York egzije pou moun kap preskri a konsilte Pwogram Rejis Kontwòl lè yap ekri preskripsyon yo pou Anèks II, III, ak IV nan sibstans kontwole. Rejis la bay pratisyen yo aksè dirèk ak sekirize pou yo gade istwa preskripsyon sibstans kontwole ki distribye pou pasyan yo nan tan reyèl. Yo plis itilize done sa pou idantifye posib sous divèsyon medikaman preskripsyon oswa abi, enkli fwod preskripsyon. Nan mwa Avril eta te kòmanse pataje done sou Pwogram Kontwòl Preskripsyon (PMP) avèk New Jersey pou plis anpeche estokaj ak revant sibstans kontwole danjre yo.

Nan ane 2015, I-STOP te kondwi a yon diminisyon 90 pousan nan kantite “doctor shoppers” oswa pasyan ki vizite plizyè preskriptè ak famasi pou yo jwenn preskripsyon sibstans kontwole nan yon peryòd tan twa mwa.

Kòm sidozaj kounye a se koz prensipal lanmò aksidantèl nan New York, eta te kondwi yon efò agresif egalman pou rann naloxone disponib san yon preskripsyon nan famasi ki apwouve yo. Nan mwa Mas, DOH eta, an kolaborasyon avèk Harm Reduction Coalition, te bay òdonans medikal pèmanan a plis pase 750 famasi endepandan andeyò Vil New York, pèmèt famasyen yo distribye naloxone san yon preskripsyon. Aksyon an chita sou akò Gouvènè a avèk CVS ak Walgreens/Duane Reade nan Janvyè 2016, pèmèt plis pase 900 nan famasi sa yo pou rann naloxone disponib san preskripsyon nan tout eta.

Jiska dat, New York te fòme plizyè milye sekouris ak manm kominotè yo pou rekonèt epi reponn a sidozaj yo. Depi 2006, pwogram distribisyon naloxone ak prevansyon sidozaj kominotè eta te enskri plis pase 225 pwogram anrejistre, sa ki te fòme plis pase 112,000 moun. Kòm yon rezilta, plis pase 3,500 sidozaj ki te ranvèse te dokimante, e yo te sove plis pase 1,500 vi nan 2015 sèlman. Yo te fòme yon total plis pase 8,424 ofisyèl lapolis pou bay naloxone atravè pwojè sa yo, enkli 2,639 enstriktè.

Kounye a, Gwoup Travay Ewoyin lan ap chita sou efò pase eta epi devlope yon plan konplè nan tout eta pou kraze sik adiksyon opyòd nan New York. Spesyalman, Gwoup travay la ap idantifye fason pou elaji sansibilizasyon ewoyin ak adiksyon opyòd; amelyore efò prevansyon nan tout eta; ogmante aksè a tretman; ak amelyore sipò pou moun sila yo ki nan rekiperasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite <http://combatheroin.ny.gov/>.

Manm yo ki nan Gwoup Travay Gouvènè Andrew M. Cuomo a gen ladan:

- Kathy Hochul, Gouvènè Adjwen, ko-prezidan
- Arlene Gonzalez-Sanchez, Komisyone NYS OASAS, ko-prezidan
- Maria Vullo, Sipè-entandan pa Entèrim NYS DFS
- Dr. Howard Zucker, Komisyone NYS DOH
- Joshua Vinciguerra, Direktè NYS DOH, Bureau of Narcotic Enforcement

- Michael Green, Komisyonè Egzekitif NYS DCJS
- Lyetnan. Colonel Frank Kohler, Alatèt nan Heroin/Opioids, Lapolis Eta NYS
- Tino Hernandez, Prezidan Samaritan Village
- Daniel Raymond, Direktè Egzekitif, Harm Reduction Coalition
- Charles Brack, Peer/Family Support Specialist, United Healthcare
- Patrice Wallace-Moore, PDG Arms Acres
- Michael McMahon, Biwo Pwokirè Distri Konte Richmond
- Adrienne Abbate, Direktè Egzekitif, SI patenarya pou Community Wellness
- Kym Laube, Direktè Egzekitif, Human Understanding & Growth Services
- Dr. Jeffrey Reynolds, Prezidan ak PDG Asosyasyon Fanmi ak Timoun
- Anne Constantino, PDG Horizon Health Services
- Cortney Lovell, Direktè, Wrise Consulting
- Susan Salomone, Direktè Egzekitif Drug Crisis in Our Backyard
- Patrick Seche, Direktè Sèvis. Adiksyon, Sikyatri, Sant Medikal Inivèsite Rochester
- Jerald Woolfork, Vis Prezidan pou Afè Etidyan nan SUNY Oswego
- Tom O'Brien, Sipè-entandan Lekòl Roxbury
- Terrence Murphy, Sena NYS
- Linda Rosenthal, Asanble NYS

Komisyonè NYS OASAS Arlene González-Sánchez te deklare, “Nouyòkè yo kap lite kont adiksyon bezwen konnen ke nou la avèk bra nou ouvè pou ede yo – pou yo gen aksè a tretman epi sipòte rekiperyasyon yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip kontinyèl li nan nominasyon gwoup travay sa. Mwen kwè travay yo pral ajoute nan efò nou pou atake epidemi sa a.”

Komisyonè Sante NYS Dr. Howard Zucker te deklare, “Adiksyon Opyòd te vini yon kriz nasyonal kap detwi lavi epi divize fanmi yo. Gouvènè Cuomo te angaje resous enpòtan pou adrese kriz sa epi ede Nouyòkè ki adikte yo jwenn sibstans yo bezwen. Dènye aksyon li – kreyasyon gwoup travay sa nan tout eta – ap pèmèt nou devlope yon plan konplè pou ede moun sila yo ki adikte epi lòt moun pou yo pa tonbe nan menm direksyon an.”

Maria T. Vullo, Sipè-Entandan Sèvis Finansye pa Entèrim te deklare, “Adiksyon sibstans devaste fanmi yo nan Eta New York. Antanke yon manm nan gwoup travay ewoyin Gouvènè Cuomo nan tout eta, mwen pral travay avèk asirans yo ansanm avèk entèvenan yo pou mete sou pye pwogram edikasyon ki santre sou prevansyon, ansanm avèk enplemantasyon refòm pou asire ke Nouyòkè ki afekte yo resevwa aksè a rekiperyasyon epi sipòte sèvis ke yo bezwen.”

Senatè Terence Murphy te deklare, “Ewoyin ak abi te reklame anpil vi nan New York ak toupatou nan peyi a. Li lè pou nou mete yon fen nan epidemi sa epi anpeche twòp trajedi inital pou yo pa rive. Lansman gwoup travay sa se vrè bagay ki dwe fèt, e mwen pa ka tann pou m rejwenn efò Gouvènè Cuomo pou nou lite abi danjere opyòd nan Eta New York.”

Manm Asanble Linda Rosenthal te deklare, “Epidemi opyòd deranje timoun ak fanmi nan New York – e eta dwe kontinye avanse efò li pou konbat epidemi sa a. Mwen fyè pou m rejwenn gwoup travay Ewoyin nan epi konplimante Gouvènè a pou lidèchip kontinyèl li, sou kesyon enpòtan sa. Grasa efò kowòdone sa yo, nap anmezi pou konekte plis Nouyòkè avèk tretman enpòtan ak sèvis sipò yo, epi ogmante strateji prevansyon nan kominote yo nan tout eta.”

Avoka Distri Konte Richmond Michael McMahon te deklare, “Kriz ewoyin ak abi preskripsyon medikaman retire lavi moun Staten Island yo chak jou, menm jan lap kwape kominote yo nan Eta New York ak nan peyi a. Konfwonte epidemi sa se defi yon jenerasyon, e alòske defi sa anpil, nou dwe adrese l e nou ka rezoud li ansanm si nou jwenn zouti ak resous pou travay la fèt. Mwen vle remèsye Gouvènè a paske li te mete ansanm gwoup travay la epi akoz angajman l sou kesyon enpòtan sa a.”

Cortney Lovell, Direktè, Wrise Consulting, te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te nome gwoup travay sa ansanm avèk lidèchip kontinyèl li nan konbat epidemi opyòd la. Nou dwe travay ansanm pou takle kriz sa alabaz ak solisyon avanse ki pral fè yon diferans nan lavi Nouyòkè ki gen difikilte avèk adiksyon an. Kòm yon moun ki nan rekiperasyon alontèm, mwen fyè paske m fè pati nan efò sa e mwen pa ka tann pou m ede plis Nouyòkè jwenn epi eksperimante lajwa rekiperasyon.”

Anne Constantino, PDG Horizon Health Services, te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip kontinyèl li nan kreyasyon gwoup travay sa. Sa a se yon epidemi nasyonal e nou dwe pran aksyon pou asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan èd ke yo bezwen ak merite. Mwen fyè paske Gwoup Travay la ap chita sou bon travay Gouvènè a nan ane ki sot pase yo, e mwen pa ka tann pou m jwenn fason pou plis elaji ak amelyore sèvis tretman adiksyon nan New York.”

Susan Salomone, Direktè Egzekitif Drug Crisis in Our Backyard ak yon paran ki pèdi pitit gason l nan itilizasyon opyòd, te deklare, “Mwen onore paske mwen fè pati nan travay enpòtan sa e mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske lap dirije wout la nan konbat epidemi sa a. Antanke paran ki te afekte pa adiksyon, mwen espere ke Gwoup Traay la ap bay Nouyòkè yo yon fèy wout pou simonte abi sibstans epi ede moun sila yo ki nan rekiperasyon pou yo genyen yon lavi ki long, ki ansante ak nan kè kontan. Map rete tann pou m travay ansanm pou kreye yon plan alontèm ki pral ede pwoteje timoun ak fanmi New York yo.”

Pandan dènye deseni ki sot pase a, admisyon pou ewoyin ak preskripsyon pou tretman abi opyòd nan New York te ogmante de 40 pousan. Nan Upstate New York ak nan Long Island, admisyon pou adiksyon opyòd ak ewoyin te ogmante de 94 ak 117 pousan respektivman. Anplis, admisyon pou ewoyin nan pwogram tretman adiksyon OASAS te ogmante de 35 pousan ant 2006 ak 2015. Senk pousan elèv ki nan klas setyèm jiska douzyèm ane te rapòte ke yo te itilize yon preskripsyon pou soulajman doulè ki pa medikal.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen paran ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele Liy HOPE Eta nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo tèks HOPENY (Kòd kout 467369). Pou w jwenn yon founisè tretman twoub abi sibstans ke OASAS-sètifye lè ou itilize [Tablo OASAS pou disponibilite Kabann](#) oswa lè ou vizite paj wèb NYS OASAS Jwenn Èd. Pou ede nan jwen swen ak pwoteksyon asirans, vizite paj [Access Treatment](#) sou sitwèb OASAS.

Pou w jwenn yon fòmasyon pou ranvèsè sidozaj naloxone toupre w, vizite paj [Sant Tretman Adiksyon OASAS ak fòmasyon sou prevansyon sidozaj opyòd](#). Vizite www.combatheroin.ny.gov pou w jwenn plis enfòmasyon sou adrese ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, enkli yon [Twous Zouti Tab Kwizin](#) pou ede kòmanse konvèsasyon an sou siy avètisman adiksyon ak kote pou w jwenn èd. Pou w jwenn zouti anplis pou itilize nan fason pou pale avèk yon jèn moun pou anpeche minè yo bwè alkòl oswa itilize dwòg, vizite sitwèb [Talk2Prevent](#) Eta.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418